# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आजु नई दिल्ली में राष्ट्रपति भवन में आयोजित समारोह में पूर्व प्रधानमंत्री पी. वी. नरसिम्हा राव अउर चौधरी चरण सिंह के अलावा कृषि वैज्ञानिक एम एस स्वामीनाथन अउर बिहार क दुइ बेर मुख्यमंत्री रहल कर्पूरी ठाकुर के मरणोपरांत देस क सर्वोच्च नागरिक सम्मान भारत रत्न से सम्मानित कइलिनि।

अलंकरण समारोह के दौरान, पुरस्कार विजेता लोगिन के परिवार क लोगि पुरस्कार लिहलें। समारोह में उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे, विदेश मंत्री डॉ. एस जयशंकर, बिहार क मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के सथहीं कई गो अउरियो जानल–मानल लोगि मौजूद रहलें। भारत रत्न देस क सर्वोच्च नागरिक पुरस्कार हौ। ई सम्मान असाधारण अउर उल्लेखनीय सेवा बदे दीहल जाला। आकाशवाणी से बातचीत में भारत रत्न कर्पूरी ठाकुर क पुत्र रामनाथ ठाकुर भारत सरकार क धन्यवाद कइलें।

कृषि वैज्ञानिक एम एस स्वामीनाथनो के आजु मरणोपरांत भारत रत्न पुरस्कार से नवाजल गइल। येह मौका पर एम.एस. स्वामीनाथन क बेटी सौम्या स्वामीनाथन कहलिनि कि सरकार कृषि क्षेत्र में काम करे बदे उनके पिता के सम्मानित कइले हौ। ओहीं, चौधरी चरण सिंह क नाती जयंत सिंह कहलें कि उनके दादा के भारत रत्न मिलल बहुत बड़हन उपलब्धी हौ।

राष्ट्रपति, बिहने नई दिल्ली में पूर्व उपप्रधानमंत्री अउर भाजपा क वरिष्ठ नेता लालकृष्ण आडवाणी के देस क सीर्स नागरिक पुरस्कार प्रदान करिहें।

**********

अजोध्या के महर्षि वाल्मीकि अंतरराष्ट्रीय एयरपोर्ट घरेलू उड़ान में खाली तीनि महिन्ना में कई गो उपलब्धी हासिल कइ लिहले हवे। प्रदेस क छौ हवाई अड्डन के पाछे छोड़त ई एयरपोर्ट घरेलू उड़ान अउर यात्री क संख्या के मामिला में पहिला जगहि हासिल कइ लिहले हवे। ईहे नाहीं, देस में अजोध्या एयरपोर्ट के नउवां जगहि मिलल हौ। एयरपोर्ट अथॉरिटी के आंकड़ा के मोताबिक राम नगरी क एयरपोर्ट सुरू भइले के बादे से लगातार सेवा दिहले में सबसे आगे हौ। ईहे वजह हौ कि प्रदेस के अन्दर ई एयरपोर्ट जनौरी के आखिरी में तिसरा अउर फरौरी में पहिले जगहि पर पहुंच गइल अउर मार्चो में पहिला जगहि पर बनल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी तीस दिसम्बर दुइ हजार तेइस के अजोध्या एयरपोर्ट क लोकारपण कइले रहलें। छौ जनौरी से एहवां विमान क संचालन सुरू भइल। प्राण प्रतिस्ठा के दौरान एहां उड़ान अउर यात्रियन क संख्या ढेरे रहल। एयरपोर्ट अथॉरिटी क मासिक रिपोर्ट में पैसेंजर अउर एयरक्रफ्ट मूवमेंट में अजोध्या एयरपोर्ट क आंकड़ा प्रदेस में सबसे बढ़ियां हौ। अजोध्या एयरपोर्ट सुरू भइले के तीसे दिन में एक सौ सत्तर विमानन क आवागमन भइल। ओहीं, येह विमानन से आवे–जाये वाले यात्रियन क संख्या करीब पचीस हजार रहल। फरौरी महिन्ना में विमान आवागमन क संख्या छौ सौ पैंसठ पहुंचि गइल त यात्री क संख्या नब्बे हजार पार कइ गइल हौ।

ईहे आंकड़ा मार्चो में जारी रहल। एयरपोर्ट क निदेसक विनोद कुमार के मोताबिक रोजाना करीब चारि हजार यात्री महर्षि वाल्मीकि एयरपोर्ट पर पहुंचि रहल हवें। महिन्ना में अब ले करीब डेढ़ लाख यात्री एयरपोर्ट पहुंचलें। उहां के बतवलीं कि अजोध्या एयरपोर्ट पर यात्रियन के सुविधा क सज्जो इंतिजाम हौ। जल्दिये हम इंटरनेशनल उड़ानों सुरू कइ देइबि।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने प्रदेस के मेरठ जिला के दौरा पर अइहें। उहां के मेरठ में राजनीतिक रैली के सम्बोधित करबि। येह दौरान मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहिहें। प्रधानमंत्री के अइले के देखत सुरक्षा समिति सज्जो तइयारियन के अन्तिम रूप देवे बदे आजु प्रसासन अउर पुलिस क अधिकारी रैली वाले जगहि पर जमल रहलें। जिलाधिकारी दीपक मीणा बतवलें कि तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। प्रधानमंत्री क सुरक्षा के ले के सज्जो जरूरी इंतिजाम कइल गइल हौ। पुलिस अउर प्रसासन क अधिकारी पुरहर तरीका से सतर्क हवें।

**********

देउरिया जिला के भलुअनी थान्हा इलाका के डुमरी गांव में आजु भिन्नहीं गैस सिलिण्डर फटले से एगो मेहरारू अउर ओकर तीनि गो लइकन के सथहीं चारि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल। घटना ओह समय भइल जब महिला भिन्नहीं चाय बनावति रहे कि अचक्के गैस में रिसाव भइले से गैस सिलिण्डर में आगि लागि गइल। जब तक ले महिला सम्हरि पावति अचक्के में सिलिण्डर फाटि गइल जेहसे ऊ अउर ओकर दुइ गो लइकनी अउर एगो लइका क ओहिजुकवें मउति हो गइल। घटना क जनकारी मिलते जिलाधिकारी अखंड प्रताप सिंह अउर पुलिस अधीक्षक संकल्प मौका पर पहुंचलें अउर जरूरी कार्रवाई क निरदेस दिहलें।

**********

मतदाता लोगिन के ओट देवे खातिर जागरूक करे बदे प्रदेस के कई गो जिला में जागरूकता अभियान चलावल जा रहल हौ। येही क्रम में जौनपुर के विद्यालयन में रेजल्ट बंटले के सथहीं मतदाता जागरूकतो क कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। विद्यार्थी लोगि संकल्प लिहलें कि ऊ अभिभावकन के ओट देवे बदे प्रेरित करिहें। मेरठ में चित्रकला प्रतियोगिता क आयोजन भइल त ओहीं, गोरखपुर, देउवरिया, महराजगंज, कुशीनगर अउर बस्ती जिलनो में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित भइल।

**********